



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON AKÒ 3.1 MILYON DOLA AK ÒGANIZASYON LEFRAK POU FRÈ SIPLEMANTÈ POU DLO KI PA JISTIFYE

Inite Pwoteksyon Lokatè Eta a garanti pi gwo akò li ki te janm fèt apre yon ankèt mete fen sou frè itilizasyon dlo ilegal yo

Jwenn ranbousman konplè avèk enterè pou plizyè milye lokatè ki sijè a lwaye reglemante

Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta Nouyòk la, RuthAnne Visnauskas, te anonse jodi a yon akò 3.1 milyon dola ak Òganizasyon Lefrak apre yon ankèt Inite Pwoteksyon Lokatè (Tenant Protection Unit, TPU) ki te dekouvri frè siplemantè pou itilizasyon dlo yon fason abizif nan 59 bilding ki sijè a lwaye reglemante atravè Vil Nouyòk. Akò a mete fen nan akizasyon ilegal sa yo, li asire ranbousman konplè ak nèf pousan enterè pou prèske de mil lokatè ki afekte yo, epi li egzije siveyans endepandan kontinyèl pou pwoteje konfòmite. Akò a gen ladan tout pòtfèy lwaye reglemante Òganizasyon Lefrak la epi lokatè aktyèl yo ap resewva yon kredi ki ranbouse tout lajan yo te peye pou konsomasyon dlo depi nan kòmansman lokasyon yo a.

"Nou angaje nou pou nou fè Eta a pi abòdab e pi fasil pou tout Nouyòkè viv ladan l epi nou p ap pèmèt frè ilegal yo ogmante depans pou plizyè milyon lokatè ki sijè a lwaye reglemante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Akò jodi a pral ranbouse chaj entèdi sa yo tounen nan pòch lokatè yo epi voye yon mesaj pwisan ke Inite Pwoteksyon Lokatè nou an ap travay san pran souf pou defann plizyè milyon Nouyòkè lè yo respekte lwa lwaye nou yo epi prezève lojman nou yo ki anba règleman lwaye."

Ankèt TPU a te kòmanse an 2024 lè yo te angaje Lefrak ki te dakò imedyatman pou sispann fè lokatè yo peye pou dlo jiskaske Biwo Administrasyon Lwaye (Office of Rent Administration, ORA) a te pran yon desizyon sou yon apèl legal. Yo te siyen akò règleman an yon ti tan apre ORA te konfime nan apèl ke Lefrak t ap fè lokatè yo peye pou dlo yon fason ki abizif. Nan règleman li a, Òganizasyon Lefrak la te dakò pou abandone dwa yo pou fè apèl, yo te dakò pou sispann tout pwosedi Atik 78 ki annatant devan Lakou Siprèm Eta a, epi pou bay soulajman rapidman a tout lokatè ki afekte anba règleman lwaye nan tout pòtfèy li a.

Kondisyon akò a gen ladan yo:

- Sispansyon akizasyon yo: Lefrak deklare ke tout koleksyon frè itilizasyon dlo ki depase lwaye mansyèl la te sispann apati 31 oktòb 2024, epi li pral sispann faktire oswa kolekte frè sa yo yon fason pèmanan alavni.
- Soulajman pou lokatè: Lokatè aktyèl yo ap resevwa kredi lwaye ki kouvri chak dola yo te peye nan frè dlo depi yo te antre nan apatman yo.
- Ranbousman ak enterè: Lefrak ap peye yon to enterè nèf pousan sou tout ranbousman yo dwe yo.
- Sipèvizyon endepandan: Lefrak pral angaje, sou pwòp depans li, yon oditè endepandan pou kontwole konfòmite kontinyèl avèk kondisyon règleman yo.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Sa a se yon bon jou pou lokatè yo ak pou Òganizasyon LeFrak la, ki te chwazi angaje yo rapidman nan rezoud dispit regilatwa sa a epi asire ke soulajman an te pwolonje byen odella lokatè orijinal ki te pote plent yo. Se konsa gouvènman an fonksyone pi byen, li bay siksè desizif pou Nouyòkè yo epi li pwoteje abòdablite. Mwen felisite Inite Pwoteksyon Lokatè a ki rekipere plis pase 3.1 milyon dola pou prèske de mil lokatè, epi pou travay kontinyèl yo pou pwoteje yon milyon fwaye ki sijè a lwaye reglemante."

Konsènan Inite Pwoteksyon Lokatè a

TPU prezève dwa lokatè yo lè li detekte epi limite modèl ak pratik fwod ak arasman pwopriyetè yo atravè odit pro-aktif, envestigasyon ak aksyon legal. TPU a ankouraje tou konfòmite avèk lalwa a lè li enfòme lokatè yo ak pwopriyetè yo sou dwa ak responsablite yo anba règleman lwaye a.

Mas pase a, TPU a [te enpoze](#) yon akò 400,000 dola nan Bottem Realty pou anrejistremman apatman fwodilè ak anreta, twòp frè lwaye, ak arasman lokatè. Nan mwa fevriye 2024, TPU a [te anonse](#) yon akò 514,000 dola kont Steve Croman paske li te fè lokatè yo peye twòp lajan epi li te vyole lwa sou lwaye yo.

Si yon lokatè kwè y ap fè yo peye twòp lajan ak/oswa y ap arase l, li ta dwe kontakte Inite Pwoteksyon Lokatè a nan nimewo sa a: 212-872-0788 oubyen pa imèl:

TPUinfo@hcr.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)